



The Children's Trust

Tout timoun se pitit nou tout

Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

The Children's Trust
DIAL 211 HELPLINE

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay, mennen li kay doktè reglyèman epi chwazi yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann remmen lòt moun, se kon sa yo aprann reyisi.

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org pou ou.

Televizyon ak sante pitit ou

Doktè Lee M. Sanders, ki nan Lekòl Medsin nan Inivèsite "University of Miami : Miller School of Medicine".

Lè pitit ou gade televizyon twòp, sa pa bon pou sante li. Timoun ki nan preskolè ki gade televizyon pou plis pase dezèdtan pa jou, anpil fwa yo konn vin agresif epi yo pa kab konsantre sou anyen pou lontan lè yo vin pi gran. Epi tou, yo pi vit tonbe nan pran dwòg ak bwè tafya. Timoun pa bò isit gade televizyon pou apeprè katrèdtan pa jou, san konte kantite tan yo fè ap gade videyo oswa DVD, oubyen tan yo pase ap jwe jwèt videyo.

Apeprè mwatye timoun nan peyi sa a gen televizyon nan chanm yo, distans yo antre nan jaden-danfan. Timoun ki nan laj preskolè epi ki gen televizyon nan chanm yo, yo pi vit vin twò gra, yo fè mwens aktivite fizik, yo pi fasil anvi pase yon ti goute nan bouch yo pandan y ap gade televizyon epi yo pi fasil fòse paran yo achte manje ki pa bon pou lasante.

Televizyon kab ajji sou jan pitit ou aprann. Gen plizyè sondaj ki montre gen yon rapò sere ant lè timoun gade televizyon plis ak move rannman yo bay lekòl. Pa gen okenn etid ki montre gen bon rezilta pou timoun ki gade pwogram edikatif, espesyalman pandan 2 premye ane nan vi li.

Men kèk ti konsèy ki soti nan Akademi Ameriken pou pedyatri (American Academy of Pediatrics), pou ede pitit ou rete an sante, lè l ap gade televizyon:

- Mete sèten limit.** Evite televizyon nèt pou timoun ki poko gen 2 an. Pou timoun ki pi gran pase sa, limite kantite tan yo fè ap gade televizyon oswa jwe jwèt videyo ak jwèt sou òdinatè. Yo pa dwe fè plis pase dezèdtan pa jou devan yon ekran. Pa met televizyon nan chanm pitit ou.
- Trase bon egzanp.** Limite valè tan ou fè ap gade televizyon, epi se pou ou pridan nan pwogram ou chwazi gade yo.
- Gade televizyon ansanm ak pitit ou.** Chwazi emisyon ki pa gen vyolans epi ki ka enstwi timoun. Gade emisyon an ansanm ak pitit ou epi pale de sa nou wè. Esplike timoun nan aktè yo se pretann y ap pretann. Fèmen televizyon an, lè pwogram nan fini.
- Chèche bon kalite videyo ak DVD pou timoun.** Ou kapab swa achte swa lwe bon jan videyo ak DVD pou timoun, oubyen ou ka prete yo nan bibliyotèk. Sa ka ede w pou sèten se pa pwogram ki gen vyolans oswa ki chaje ak piblisite men se pwogram ki ka enstwi timoun nan.
- Ede timoun nan pou l pa fè foli pou sa l wè nan reklam.** Lè pitit ou mande w yon bagay li wè nan reklam televizyon, esplike l reklam yo la pou fè moun anvi achte sa yo gen dwa pa menm bezwen.



Se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann remmen lòt moun, se kon sa yo aprann reyisi.

- Vin ak lòt chwa.** Ede pitit ou jwenn lòt aktivite pou l fè lè l gen tan lib, tankou fè jwèt, fè lekti, aprann yon bagay kòm pastan, tankou yon espò, yon enstriman mizik oswa yon bagay atis – oubyen pase yon moman ak fanmi an ak zanmi oubyen ak vwazen yo.

Si w bezwen plis ide, epi pou w kab patisipe nan kreye bon jan anviwònman pou timoun nan afè gade televizyon, tcheke sit tankou www.wlrn.org, www.pbskids.org, oswa www.aap.org.

MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

- Metè senti ou – lè w byen tache sa ka pèmèt ou al fete fèt Sen Valanten, sa se pawòl. 2
- Timoun ki pa manje tout bagay. 2
- Timoun suiv sa moun k ap trase egzanp pou yo ap fè pou yo gen yon lide sa yo menm yo kab devni pi devan 3
- Ki sa sa vle di enklizyon? 4
- Bay timoun liv pou yo fè lekti. 4

MISSION NOU:


Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



Telefone 305-631-8111 pou nou pran plis enfòmasyon <http://www.bayopliskonesansrenmenyoplis.org>



Mete senti ou – lè w byen tache sa ka pèmèt ou al fete fèt Sen Valanten, sa se pawòl

Doktè Julia Belkowitz, Doktè Judy Schaechter, Doktè Gayane Stepanian, Doktè an lèt Susan Uhlhorn, ak Steve Dearwater

Kowalisyon kont domaj pou timoun nan University of Miami ansanm ak Holtz Children's Hospital (The Injury Free Coalition for Kids at the University of Miami/ Holtz Children's Hospital)

Lè timoun nan machin, se kapab yon sityasyon ki vrèman danjere pou yo. Gen plis timoun ki mouri nan aksidan machin pase lanmò natirèl, e menm gen plis ankò ki domaje oswa ki blije al lopital. Nan Miami-Dade konnti, se 30 timoun ki mouri ak 200 ki al lopital chak ane akòz aksidan machin.

Jou Sen Valanten an tonbe nan "Semenn sekirite pou timoun ki nan machin". Ane sa a, montre fanmi ou ki jan ou renmen li, sa vle di *toujou* sèvi ak senti sekirite a pou pase li pou tout moun ki nan machin nan avè w. Sa ki pa mete senti yo, yo kapab blese lòt moun ki nan machin nan. Kon sa sèvi ak senti sekirite yo pou pwòp sekirite w ak sekirite lòt yo tou. Chak fwa w ap kondi, tache senti w.

Machin pa vrèman fèt pou timoun. Men gen chèz machin pou timoun, gen senti sekirite, tout bagay sa yo fè prèv yo, yo kab bay timoun nan plis sekirite. Pou kab chwazi sa ki bon pou timoun nan, panse ak laj li, konbyen li peze, wotè li epi pran endikasyon moun ki fè chèz espesyal sa yo an konsiderasyon.

- Tout timoun ki gen mwens pase 1 an dwe chita nan yon chèz kote fas li bay sou dèyè machin nan.
- Timoun ki gen plis pase 1 an EPI ki peze 20 liv kapab chita nan yon chèz kote fas li bay sou devan.
- Timoun ki peze plis pase 40 liv dwe chita sou yon chèz sipò ki sèvi ak senti sekirite machin nan.
- Yon fwa senti sekirite ki nan machin nan kapab byen sere timoun – sa vle di pati ki pase devan senti l la ak sou zepòl li a byen sere l – timoun nan ka sèvi sèlman ak senti sekirite machin nan san l pa bezwen anyen dèt. Sa rive an jeneral lè timoun nan nan laj 8-9 an oswa li mezire 4 pye 9 pous nan wotè.
- Tout timoun ki poko gen 13 an, dwe chita nan chèz dèyè machin nan, tout tan.

Pou chwazi chèz egzak la epi pou sèvi avè l kòm sadwa, sa kab bay ti pwoblèm kèk fwa. Ou kab toujou mande yon espè ki gen fòmasyon pou sa pou l ede w jwenn chèz egzak ou bezwen pou pitit ou a. Teknisyen kalifye sa yo ap kab ede w tou nan aprann kouman pou sèvi ak chèz la kòm sadwa, ak fason pou evite domaj ladan. Si ou bezwen yon kote ki pre lakay ou, rele « *Injury Free Mobile* » nan nimewo (305) 243-8838 oswa tcheke sit entènèt www.nhtsa.dot.gov.

Bwat pou ti jennjan ak ti jenn fi

Ti jenn yo sitou pi plis fè aksidan machin oswa aksidan motosiklèt. Men kèk fason nou kab ede nouvo chofè sa yo rete sennesòf sou wout yo:


- Limite kantite moun k ap monte machin jenn pitit ou a. Lòt pasaje kapab distrè ti jenn ki sou volan epi sa kab ogmante danje aksidan yo.
- Eseye kontwole pou timoun yo pa kondi twò souvan nannuit – se moman ki pi danjere pou kondi.
- Chak moun dwe toujou pase senti yo chak fwa yo monte machin.
- Toujou fè timoun ou yo sonje pou yo pa bwè bwason ni pran dwòg, ni tou pou yo pa monte machin avèk moun ki nan pran dwòg ak bwè tafya.
- Devlope yon kontra avèk jenn pitit ou a kote nou toulede siyen epi ki genyen kèk regleman ou met sou pye pou l kab kondi sennesof.



Timoun ki pa manje tout bagay

Se Sheah Rarback M.S., R.D., ki travay nan "Mailman Center for Child Development at the University of Miami" ki prepare atik sa a.

Ap gen yon moman ki rive kote majorite timoun ap tonbe nan kategori timoun ki pa manje tout bagay. Se prèske yon etap nòmal nan devlopman timoun. Nou remake sa lè timoun nan kòmanse rive nan laj 3 a 4 an. Timoun ou te genyen ki te renmen manje tout bagay la kòmanse ap refize manje oubyen li kòmanse ap manje yon pakèt manje men se youn oubyen 2 kalite manje sèlman li vle. Sa se youn nan fason timoun nan laj sa yo koumanse montre kouman yo endepandan. Malgre sa sanble se yon ti kal manje y ap manje tanzantan, lè jounen an fini valè manje yo manje a vin ase pou yo. Majorite timoun piti pa renmen eseye manje manje yo pa konnen; yo pi konfòtab pou yo manje sa yo abitye manje, se sa k fè yo renmen manje menm bagay yo chak jou. Timoun piti konn oblije wè yon nouvo manje devan yo menm 10 a 15 fwa anvan pou yo goute li. Si pitit ou a ap devlope jan li dwe devlope epi li toujou an sante asireman l ap manje valè li dwe manje.



Men kèk konsèy ki ka ede ou ak peryòd kote yon timoun vin difisil ak sa yo manje.

- Trase bon egzanp pou pitit ou yo. Kite yo wè w ap manje legim ou vle yo manje yo.
- Pa fòse yo manje manje yo poko janm manje. Kite pitit ou gade manje yo epi kite yo deside si yo vle eseye goute yo.
- Pa ofri yo anyen pou fè yo eseye manje yon bagay.
- Entwodi yo nouvo manje yo plizyè fwa.
- Fè konvèsasyon ki enteresan pandan nou tout ap manje.



Timoun ki konn pi difisil nan jan yo manje, pafwa se yo ki vin pi anvi manje tout bagay. Pasyans ak pèsèverans se sa sèlman ou bezwen.




Kiles ki vle gen yon abonman gratis?

Voy pati se a bay: The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129.

Non: _____ Telefon ou _____

Adres ou _____



MIAMI-DADE COUNTY Public Library System www.mdpls.org

-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-375-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org



The Children's Trust

Dedicated to improving the lives of children and families in Miami-Dade County

MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lek

Timoun suiv sa moun k ap trase egzanz pou yo ap fè pou yo gen yon lide sa yo menm yo kab devni pi devan

Timoun toujou ap kopye sa lòt moun fè. Yo toujou ap veye sa granmoun ap aji pou yo kab konn kouman "pou yo aji". Pou timoun, sa ou fè ak fason ou aji fè plis efè sou yo lontan pase sa ou di. Tigason sitou, sa bon pou yo lè yo jwenn yon moun yo kab gade sou li epi yo ta renmen vin tankou li.



Gen yon pwojè ki rele *Pwojè 5000 modèl pou atenn yon wo nivo (5000 Role Models for Excellence)* ki chita sou verite sa yo. Se Senatè Frederica S. Wilson ki kreye pwojè sa a. Pou kounye a, gen 89 lekòl leta nan Miami-Dade ak plis pase 7,000 tigason "ki sou move chemen", ant 4yèm ane ak 12yèm ane, k ap patisipe nan pwojè a.

Pwojè sa a te kòmanse an 1993 ak yon lòt non: 5000 modèl gason afriken ameriken pou atenn yon wo nivo (*5000 African-American Male Role Models of Excellence*). Se yon pwojè ki opere anndan sistèm lekòl yo epi li vin gen bon jan repitasyon apre 15 lane. "Chak jou", gen gason – pwofesyonèl, travayè, papa pitit ki pran reskonsablite yo an men – ki rive pataje espèryans yo, fòs yo ak sa jès yo pran nan lavi a ak jèn gason yo kote yo ankouraje yo rete lekòl, pou yo diplome epi pou y al nan inivèsite. Pwojè a rive evite anpil timesye yo al nan move chemen.

Madan Wilson te kòmanse pwogram «Wo nivo» a tankou yon pwogram pou voye je sou jèn tigason nwa Ameriken ki te nan lekòl kote li te direktis la ki rele Skyway Elementary nan Miami Gardens. Men sa li di li te sonje: "Se akòz timoun sa yo, se yo yo te plis voye nan direksyon paske yo pat suiv règleman lekòl la". "Mwen te vin reyalye yo pa t menm ak lòt timoun epi yo te bezwen yon atansyon espesyal."

Li rankontre ak tigason yo chak semèn pandan y ap manje, menm lè a li reyalye pi fò pa t gen papa se grann yo oubyen manman yo ki tap elve yo.

Senatè Wilson vin gaye pwogram nan sot nan Florida City rive nan Carol City, li kite djòb li a, epi li vin kandida pou komisyon lekòl leta yo epi li pase. Li konvenk kèk moun enpòtan epi sistèm lekòl la vin finanse pwogram nan.

Alix Desulme se espesyalis nan kesyon resous pou enstriksyon epi li se kòdonatè pwojè a nan distrik la. Men sa li di, objektif pwogram "Role Models" la, se pou ede

tigason sa yo ret lekòl, fini lekòl epi al nan inivèsite.

Lekòl ki patisipe yo gen yon direktè biwo, pafwa yo gen 2 direktè, ki la pou ede ti mesye sa yo. Pami 105 direktè ki nan zòn nan, gen 7 fi ladan yo. Tout tigason yo siyen yon kontra pou yo pa mele nan fè okenn dezòd. Dapre enfòmasyon Desulme bay, li se yon ansyen direktè biwo, Gen ant 80 ak 90 pou san nan ti mesye yo ki kenbe pwomès yo.

"Sa enteresan anpil – lekòl yo gen lis timoun k ap tann pou antre nan pwogram nan. Se paske yo [tigason yo] ap patisipe nan yon aktivite kounye a, nan yon klib. Nou fòme kòm yon fratènite; tèlman yo mare youn ak lòt."

O kòmansman, se sou tigason nwa Ameriken yo te konsantre pwogram nan, kounye a gen timoun ki soti nan tout ras kin nan pwogram nan. "Role Models" plis mete aksan sou konsekans yo, li vini ak lide kawòt olye baton.

Mete tigason kòt a kòt ak granmoun gason, se yon pati enpòtan nan siksè pwojè a, dapre Caroline Raffington, yon espesyalis nan maketin pou pwojè a. "N ap kreye modèl nou ta renmen yo suiv la. Si yo kab gade granmoun gason sa yo nan yon fason ki pozitif, konpòtman yo ap chanje ofiramezi yo kòmanse aprann yo menm tou yo kab vin yon egzanzp."

Parèt aktè Danny Glover te parèt nan premye ti dejene pwojè a te ede nou kapte atansyon tout nasyon an epi sa te fè yo plis asepte pwojè a nan Miami. Gen anpil gran atlèt ak moun ki koni ki ede pwojè a pandan tout ane li egziste yo, men pwojè a fè pwomosyon pou "ewo toulejou yo."

Senatè Wilson di: "Nou rete lwen atlèt yo, moun ou jwenn 'youn sou chak milyon'." "Nou pataje lide, moun k ap viv toulejou yo, yo kab reyisi epi nou seye mete [tigason yo] kòt a kòt ak plis gason posib."

Nan ka sa a, pou ki sa tifi pa ka patisipe? Madan Wilson ri chak fwa l tande kesyon sa a moun ap mande anpil fwa.

Men sa li esplik "lè nou ede tigason pou yo vin fè pi bon gason posib demen, se tifi yo nou ede tou."

Men kèk konsèy pou paran ki sèvi kòm modèl

Ou dwe konsyan de « lesan » w ap montre pitit ou san se pa yon bagay volontè:

- **Konfyans nan tèt ou:** Pou yon timoun gen konfyans nan tèt li lè l rankontre lòt moun, sa depann de egzanzp paran l pwouve l.
- **Prensip/jan:** Yon timoun ap gen bon jan, bon prensip pi fasil lè li abitye tande mo tankou "silvouplè" ak "mèsi" nan lavi toulejou li.
- **Ladrès nan lasosyete:** Kòm timoun patisipe nan aktivite sosyal avèk youn nan paran li kanmenm, li kòmanse ap suiv ki jan paran an konpòte l ansanm ak lòt moun nan tout nouvo sityasyon ki prezante. Se de paran yo yo aprann ki fason pou yo konsidere lòt moun ak enstitisyon.
- **Respè:** Paran ki toujou ap kritike lòt moun se montre y ap montre pitit yo lòt moun pa enpòtan. Respekte dwa pitit ou ak santiman yo; kon sa w ap montre pitit ou pou yo respekte dwa lòt moun ak santiman lòt moun.
- **Anndan lakay:** Yon timoun ki leve nan yon kay kote li jwenn anpil renmen, afeksyon, ak koperasyon, l ap pi fasil pou l montre lòt moun renmen. Sa pa vle di ou dwe evite konfli toutan, men sa ki enpòtan se fason w ap jere konfli a.
- **Pwen ki pozitif:** Olye ou konsantre atansyon yo sou pinisyon ak rekonpans, chèche yon moman trankil ak yon plas ki kalm kote ou va eseye detèmine ki kalite ou ta renmen pitit ou genyen lè yo vin gran.
- **Bay esplikasyon:** Pale de sa ou mete an pratik. Aksyon gen plis rezilta lè nou pale de sa n ap fè a epi nou di pou ki sa nou fè l.

Kòm paran, ou dwe konnen pèsonn pa atann pou ou pafè nèt.

Pou plis konsèy sou afè travay paran: Tcheke sit wèb Akademi paran an – <http://theparentacademy.dadeschools.net> nan Lekòl leta Miami-Dade

(Revizyon: "The Clearinghouse on Reading, English and Communication")

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org

Including All Children

Ki sa sa vle di enklizyon?

Bethany Sands pou pwogram **NEED** (Natural Environment Educational Development) kin an Kowalisyon Early Learning Coalition of Miami-Dade.

“**Enklizyon**” se yon mo yo sèvi ki an rapò ak timoun ki gen “bezwen espesyal” men ki sa sa vle di menm? Mo Enklizyon an vle di fò **tout** timoun kapab patisipe nan **tout** aktivite nan **tout** kote nan kominote a, ni nan lekòl, ni legliz ni nan travay. Lè yo konsantre sou pwèn sa a, sa pèmèt timoun ki gen yon andikap rive atenn tout kapasite li genyen pami timoun ki pa andikape.

Nan nivo preskolè, devlopman sosyal ak devlopman lespri timoun yo pèmèt yo chak vin endepandan epi yo rive kenbe aktivite aprann nan (nan kalte devlopman sosyal ak devlopman lespri yon timoun, nou jwenn kesyon lasante ak ladrès, rapò aktivite avèk lòt timoun avèk kontwòl timoun nan genyen sou konpòtman li). Ni koze langaj ak aktivite ant timoun, ni kesyon genyen yon konpòtman ki apwopriye, tout de konpòtman yo pale sou yo anpil. Tou de gwoup timoun yo vin fòme yon sèl gwoup, kote ni youn ni lòt ap ni pataje ni aprann diferans ki genyen antre yo. Chak ti moun vin benefisyè avantaj pou yo ogmante konfyans nan pwòp tèt yo, yo vin gen sansiblite lè yo wè gen lòt timoun ki diferan de yo epi yo ni kopere ni ede lòt ti kanmarad klas yo. Chak timoun pote pwòp talan yo genyen ak fòs pa yo nan anviwònman klas la. Chak jou Bondye mete, nou ta dwe selebre sa yon timoun gen lakay li ki pa menm ak okenn lòt timoun.

Pou plis enfòmasyon, kontakte **NEED** nan nimewo 305-646-7220-estasyon 269.



Patisipe Nan ti Jounal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon “Pi bon moman pou anseye” (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye jounal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220).

Editè ti jounal sa a se: Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)

Bay timoun liv pou yo fè lekti

Se Lisa Blair ki travay nan “Miami-Dade Family Learning Partnership” ki ekri enfòmasyon sa a.

Pale, chante, jwe, fè lekti, chwazi liv epi ekri, tout bagay sa yo mache men an men pandan n ap ede timoun devlope ladrès pou yo aprann li ak ekri. Pandan nou vèl ane sa a ap kòmanse, li liv ansanm ak pitit ou pou ka ankouraje yo aprann li ak ekri, planifye bon jan aktivite ki ka ede l aprann koute, pale, li ak ekri. Fè bèl aktivite sa yo ak pitit ou pou ankouraje li vin gen ladrès nan afè li ak ekri:

- Prepare manje pou tout fanmi an ansanm ak pitit ou. Kite pitit ou ede prepare resèt epi fè kòm si w ap ekri resèt li kreye yo.
- Lonje dwèt sou bagay ou wè ki ekri ozalantou w: Meni nan restoran, pankad nan lari yo ak etikèt sou bwat manje yo.
- Mennen pitit ou nan aktivite k ap fèt nan kotminote a. Aktivite sa yo kreye opòtinite pou nou tou de gen yon sijè pou nou pale de li.
- Montre pitit ou rim, chante ak pwezi. Bay timoun yo chans pou yo montre fanmi ak zanmi sa yo aprann yo lè gen fèt k ap fèt.
- Fè lekti pou timoun yo chak jou. Bay timoun yo chans pou yo chwazi liv yo vle w li pou yo.

Pa bliye, pi bèl kado ou ka bay pitit ou se « renmen aprann ».



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665